# И. ЮСУПОВТЫҢ ҚОСЫҚЛАРЫН КӘСИП ӨНЕР МЕКТЕПЛЕРИНДЕ ҮЙРЕТИЎ

**Даулеткаримова Злиха**
*Нөкис қалалық 1-санлы кәсип өнер мектебиниң қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни оқытыўшысы*

И.Юсупов шығармалары тематикалық жақтан оғада көп мәселелерди қамтыйды. Оның бир қатар қосықлары , поэмалары мектеп сабақлықларына киргизилген.Жас әўладқа уллы шайырдың йошлы лиризмге толы,қарақалпақ тилиниң бай сөзлик байлығынан дерек беретуғын, терең тәрбиялық әҳмийетке ийе шығармаларын үйретиў қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни оқытыўшыларының алдындағы азаматлық ўазыйпалардан бири деп санаўға болады. Атап айтқанда, улыўма билим бериў мектеплериниң сабақлықланында «Жақсы адамлар» , «Қарақалпақты көп мақтама көзимше», 6-класста «Ана тилиме», «Күншығыс жолаўшысына», «Пошша торғайға» қосықлары берилген. Бул қосықларда түрлише тематика сөз етилген. Шайырдың шығармаларында да тематикалық байлық, усы өзгешеликти даралап көрсететуғын белгилердиң бири И.Юсупов лирикасында ўатан, инсаныйлық пазыйлет, жақсылық темалары турмыслық машқалалары шеңберинде ашып бериў көбирек қолланылады. Оның «Жақсы адамлар» қосығы жоқарыдағы пикиримиздиң айқын дәлили. Бүгинги күнимизде айырым қоңсыларда, ҳәттеки жақын туўысқан ағайинлерде де бир бириниң үйинде не машқала, қандай ҳәдийсе болып атырғанлығынан хабарсыз, бийпарўалары ушырасады. Ал, қосықта болса азанғы ўақытта жумысқа баратырған халық, олардың асығып-үсигип автобусқа миниўи, автобусқа сәл алыслаў аралықта турған адамды да өз қатарына қосыўға ҳәрекет етиўи,оның жумыстан кешигип қалмай үлгерип барыўына жан ашытыўы, адамлардың бир-бирине қайырхомлығы, меҳрибанлығы қосықтың биринши қатарларынан-ақ мәлим болады.

«Күншығыс жолаўшысына»қосығында Ўатан темасы, қарақалпақ халқына әзелден қан-қанына сиңисип кеткен миймандослық, сыйласық пазыйлетлери күнделикли, әпиўайы мысалларды қосық қатарында келтириў арқалы сүўретлеген.

Өңиринде шайқалған жас қаратал,
Әмиўдәрья суўларынан нәр алып,

Қубласында шөккен нардай Қаратаў,
Арқасында ақ сазанлы Аралы…

Өз елиңниң бир мүйешин аралап,
Жүрегиңде мәңги сақлап кетиўге,
Күншығысқа сапар шеккен азамат,
Асық достым,бизиң жаққа жетиўге.

Дәслеп оқытыўшы оқыўшыларға Қаратаўдың, Арал теңизиниң сүўретлерин географиялық карта жәрдеминде ҳәм реңли сүўретлер арқалы, ал қаратал терегиниң, сазан балықтың сүўретлерин болса арнаўлы реңли материаллар арқалы көрсетиў қосық текстиндеги айырым номинативлик сыпаттағы атамаларды түсинип жетиўге имканият жаратады. Сондай-ақ, мийман келгенде оны жақтырмай, қабақ шытыў-бул көргенсизликтиң, мәдениятсызлықтың белгиси екенлигин уқтырыў, мийман келсе,сол үйге ырысқы, несийбе де мийманның қәдеми менен бирге келетуғынлығы, ҳақ кеўил, кишипейил адамның белгиси-бул мийманды жатырқамаўы, бөтенсинбеўи, жыллы күтип алыў ҳәм ҳүрмет пенен шығарып салыўда екенлигин де мысаллар арқалы түсиндириў зәрүр.

«Ана тилиме» қосығынан болса оқыўшылар менен челленж сабақ таярлаў мүмкин.Челленжде оқыўшылар ҳәр бири түрли кәсип ийелериниң көринисин беретуғын кийимлерди кийип яки болмаса буйымлардан (дуўтар, китап, бел, кетпен, қурылыс ушын сызылма) пайдаланыў арқалы бир оқыўшы екиншисин тәкирарламайтуғын кийим ҳәм қосық қатарынан пайдаланып, оны шеберлик пенен көркем оқыў да оқыўшыларда үлкен тәсир қалдырады.

Жуўмақлап айтқанда, белгили шайыр И.Юсуповтың мектеп сабақлықларына киргизилген қосықларын педтехнологиялар жәрдеминде, изленислер менен өтиўде қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни оқытыўшысынан үлкен кәсиплик шеберлик талап етиледи.